



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI SENECA ART & CULTURE CENTER NAN GANONDAGAN STATE HISTORIC SITE

Patí enpòtan nan istwa New York ki rekoni ak selebre; gade foto [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ouvèti nouvo Seneca Art & Culture Center \$15 million nan sit istorik Ganondagan State. Sant 17,300 pye-kare a rakonte istwa kontribisyon Iroquois yo nan art, kilti ak sosyete pou plis pase 2,000 ane nan ekspozisyon entèaktif ak zafè istorik. Yon antrepriz tèt ansanm ant New York State, Seneca Nation, Finger Lakes Regional Economic Development Council ak plizyè donatè prive te fè ouvèti etablisman entèpretasyon pandan tout ane a vin yon reyalye.

“New York fyè pou l gen yon istwa ki si rich, e nouvo sant vizitè sa a pral pèmèt plis vizitè eksperyanse kontribisyon Nasyon Seneca a nan rejyon sa a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou angaje pou nou fè pak ak sit istorik nou yo non sèlman bèl resous natirèl, men sant aprantisaj pou sa ki pase ak pou pwoteje anviwonman an.”

Destinasyon, edikasyon, lwazi ak touris pral gide vizitè yo andedan yon kilti ki vivan, yon mond natirèl ak art Seneca ki chita nan peyi orijinal yo nan Ganondagan. Yon fwa andedan, yo pral reprezante apeprè 300 atik istorik nan ekspozisyon pèmanan ak wotasyon ki mete aksan sou senk syèk nan lavi Seneca.

Nan Teyat Oryantasyon an, vizitè yo pral jwi premye aksyon an dirèk ak fim anime “The Iroquois Creation Story”—yon pwojè tèt ansanm ant Ganondagan, Rochester Institute of Technology, Iroquois Social Dancers ak Garth Fagan Dancers. De salklas, yon oditoryòm plizyè izaj, yon kwizin restorasyon, ak yon magazen pou kado pral nan sit la tou.

Atravè plan NY Parks 2020 Gouvènè a, Eta New York te konsakre \$3.9 million nan restorasyon konstriksyon nouvo sant la. Anplis, yo te resevwa de sibvansyon ki totalize \$900,000 atravè Finger Lakes Regional Economic Development Council. Pòsyon ki te rete nan \$15 million an te posib atravè don prive ki te enplike Seneca Nation of Indians, the Rock Foundation, Thaw Charitable Trust, Davenport-Hatch Foundation ak the Ithaca-based Ongweoweh Corporation.

“Seneca refere a Ganondagan kòm Town of Peace - Vil Lapè. Nouvo sant sa a bay egzanzp ak montre ke emosyon sèvi kòm yon eksperyans lapè ak eksitasyon nan yon kilti tout moun dwe pwize ak cheri “ **te deklare Komisyonè State Parks Rose Harvey.** “Lè vizitè yo mete pye nan Ganondagan yo konnen touswit ke yo rankontre yon souvni ak yon espri kap rete avèk yo pou toutan. Gras a nouvo Sant la, vizitè yo pral konprann moun Seneca yo nan yon lòt pèspektiv kiltirèl, istorik ak anviwonman.”

Lokalize sou plis pase 500 kawo, yo te deklare Ganondagan State Historic Site yon Moniman Nasyonal an 1964 e li te sou lis Rejis Nasyonal Plas Istorik yo an 1966. Sit sa a rete kòm sèl sit ki devlope ak entèprete kòm ansyen vil Seneca nan Etazini.

Lidè Minorite Asanble a Brian Kolb te deklare, “Ouvèti Seneca Art & Cultural Center nan Ganondagan State Historic Site bay vizitè yo yon opòtinite inik pou yo plonje nan istwa rich Konfederasyon Iroquois yo. Rezilta yon gwo patenarya piblik ak prive, Sant la san okenn dout pral bay opòtinite edikasyon ki pral avantaje pou plizyè jenerasyon. Kilti ak art Ameriken Natif Natal se yon pati entegral nan istwa New York ak istwa yo, achitekti ak tradisyon yo toude enstriktif ak pwisan. Travay atizay sansasyonèl sa a pral siman atire vizitè toupatou nan New York ak lòt kote.”

Manadjè Sit Istorik Ganondagan State G. Peter Jemison te deklare, “Ouvèti Seneca Art & Culture Center se evenman ki pi enpòtan nan 30 ane mwen genyen nan Ganondagan. Dènye 15 ane ki sot pase yo te konsakre nan fè Sant li vin tounen yon reyalyte, e kounye a men li la. Nouvo bilding nan tèlman gen potansyèl; nou fèk kòmanse ap konprann enpak li nan rejyon an, moun Seneca yo ak tout timoun ki nan Eta a ak Peyi a. Pandan nap ouvri a, nou sonje tout moun ki te ede nan reyalizasyon sa a paske nou vrèman beni.”

Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a se yon angajman plizyè ane pou ogmante \$900 milyon nan finansman prive ak piblik pou State Parks soti nan 2011 pou rive nan 2020. Konsève sit istorik ak byen kiltirèl yo kòm youn nan sèt plan priyorite stratejik yo. Bidjè Egzekitif 2015-16 Gouvènè a mete \$110 milyon nan inisyativ sa a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418